



**Built to Lead**

1YE PWOPOZISYON AJANDA 2016 GOUVÈNÈ A: OGMANTE SALÈ MINIMÒM EPI  
KONDWI A LIT POU JISTIS EKONOMIK

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISTÈM INIVÈSITE ETA AP OGMANTE SALÈ  
MINIMÒM POU ANPLWAYE LI YO A \$15 PA ÈDTAN**

***Aksyon sa lakoz 28,000 anplwaye ap sou yon chemen pou touche \$15***

***Cuomo lanse nouvo lit pou fè New York vini premye eta nan peyi a pou adopte  
yon salè minimòm \$15 pou tout travayè yo nan kad Diskou Eta sou Sitiyasyon Eta  
ane sa ki pral fèt***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te devwale premye siyati pwopozisyon nan ajanda 2016 li a – kanpay li pou restore jistis ekonomik nan fè New York vini premye eta nan peyi a pou adopte yon salè minimòm \$15 pou tout travayè yo. Pandanke lap montre pwopozisyon sa, Gouvènè a te anonse ke Inivèsite Eta New York ap ogmante salè minimòm pou plis pase 28,000 anplwaye. Ogmantasyon sa pou anplwaye SUNY yo se pral reflè orè-pwogresif ki planifye pou travayè fast food yo ki te garanti ane pase, ansanm avèk travayè yo nan Eta ki te anonse nan mwa oktòb.

Gouvènè a te fè anons sa nan yon rasanbleman nan Vil New York, kote li te rejwenn pa Sekretè Travay Etazini Thomas E. Perez, Aktè Steve Buscemi, 1199 President George Gresham, 32BJ President Hector Figueroa, Avoka Jeneral Eric T. Schneiderman, NYC Comptroller Scott Stringer, Defansè Piblik NYC Letitia James, plis pase 40 otorite eli lokal ak eta, lidè sendika, manm yo nan klèje a ansanm avèk lòt defansè pou demare kanpay la pou pwopozisyon salè minimòm tout endistri a \$15.

“Eta sa pwospere lè chak Nouyòkè gen opòtinite ak kapasite pou reyisi. Men verite a sèke salè minimòm jodia toujou kite anpil moun dèyè – inadmisib kondane yo a yon vi povrete menm lè yap travay aplentan,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Ane sa, nou pral chanje sa. Nou pral ogmante salè minimòm nan pou pote retounen opòtinite ekonomik a plizyè milyon Nouyòkè kap travay di epi kondwi peyi a nan lit pou peman ekitab.”

“Nou nan mitan yon seri kwasans ki pi long rekò travay nan sektè prive a, men toujou gen twòp Ameriken ki poko benefisyè yon mòso nan gato a ke yo te ede devlope,” **te**

**deklare Sekretè Travay Etazini Labor Perez.** “Prezidan Obama ansanm avè m kwè nan nan pwopozisyon debaz ke si wap travay aplentan nan Etazini, ou pa ta dwe elve fanmi w nan povrete. Se poutèt sa mwen aplodi Gouvènè Cuomo, SEIU, ansanm avèk travayè yo paske yo te mete ansanm pou defann yon ogmantasyon salè minimòm pou tout Nouyòkè yo. Nan absans aksyon kongrè a, lidè eta ak lokal yo nan tout peyi a ap ogmante salè minimòm pou asire ke tout moun gen yon jou pewòl ekitab pou yon travay di. Prezidan Obama ansanm avè m ap kontinye sipòte travayè yo kap lite pou fè tande vwa yo. Nap kontinye lite pou politik kap kreye pwosperite pataje ak yon ekonomi kap travay pou tout moun, men se pa sèlman pou sèten privilejye.”

**Avoka Jeneral Schneiderman te deklare,** “Okenn moun kap travay aplentan pa ta dwe ap viv nan povrete e okenn konpayi pa ta dwe jwenn otorizasyon pou abize travayè li yo. Men lè nou otorize salè povrete, nap voye mesaj opoze a. Ogmante salè minimòm se yon fason efikas, reyalizab, dirèk pou amelyore lavi plizyè milyon Nouyòkè.”

Aprè yo te fin apwouve ogmantasyon SUNY an, plis pase 28,000 anplwaye ki touche pa èdtan, etidyan travayè, ak patisipan nan travay etid ap wè salè yo ogmante de \$9.75 pa èdtan kòmanse nan fevriye ane sa, e finalman rive nan \$15 pa èdtan nan dat 31 desanm 2018 nan Vil New York, ak 1ye jiyè 2021 nan tout eta, refilete kalandriye ogmantasyon travayè fast food yo ansanm avèk anplwaye yo nan eta. Mouvmman sa fè New York vini pami premye eta nan peyi a pou mete anplwaye ansèyman siperyè piblik li yo sou chemen \$15 pa èdtan. Konsèy Administrasyon SUNY prevwa pou l apwouve ogmantasyon sa nan salè minimòm li nan reyinyon konsèy li nan mwa janvyè. Ogmantasyon sa prevwa pou l koute apeprè \$28 milyon lè li fin byen enplemante, e SUNY ap kouvri l.

“Inivèsite Eta New York fyè pou l asire ke nenpòt moun kap travay sou yon kanpis ke Eta-opere SUNY kontinye touche omwen salè minimòm nan, enkli tout anplwaye aplentan yo ansanm avèk etidyan yo kap patisipe nan pwogram travay etid,” **te deklare Prezidan Konsèy Administrasyon SUNY H. Carl McCall.** “Nap rete tann pou n rejwenn Gouvènè Cuomo pou n fikse yon modèl pou antite yo nan eta ak sistèm inivèsite piblik la nan peyi a.”

“Angajman Gouvènè Cuomo pou enplemante yon salè minimòm ki pi elve nan echèl toupatou nan Eta New York se yon aksyon ki merite felisitasyon ke SUNY fyè pou l fè pati,” **te deklare Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher.** “Inivèsite Eta New York rekonèt valè tout pwofesè, anplwaye ak etiyen yo kap travay sou kanpis nou yo ak kontribisyon enpòtan ke yo fè nan kominote kanpis nou yo ansanm avèk ekonomi lokal yo nan chak rejyon.”

Yon repatisyon rejyonal nan plis pase 28,000 anpwlaye SUNY ki pral benefisye de ogmantasyon sa anba:

- *Western New York: 5,833*
- *Finger Lakes: 2,989*
- *Southern Tier: 2,960*
- *Central NY: 4,106*
- *Mohawk Valley: 1,768*
- *North Country: 2,196*
- *Capital Region: 1,985*
- *Mid-Hudson Valley: 2,188*
- *New York City: 598*
- *Long Island: 3,918*

### **Stimile Fanmi New York yo**

Ogmante salè minimòm nan a \$15 pa èdtan pou tout endistri yo dirèkteman ap benefisye 2.3 milyon travayè nan Eta New York, apeprè yon ka nan efektif total la. Kritik wè sa kòm adolesan yo kap touche lajan pòch men an fèt, plis pase mwaye nan travayè sa yo gen laj 35 ane oswa pi gran e plis pase 70 pousan gen plis pase laj 25 ane. Plis pase 40 pousan marye, paran oswa toulède e anpil se sous revni prensipal fanmi yo. Jodia, yon travay apletan nan salè minimòm New York peye sèlman \$18,720 pa ane, ak pou yon sèl manman ak de pitit, sa anba liy ofisyèl povrete.

Ogmante salè minimòm a \$15 egalman restore sa ki te yon pwomès ekite: \$15 se apeprè kote salè minimòm New York nan ane 1970 ta ye, si li ajiste pou enflasyon.

Wap jwenn yon repatisyon rejyonal sou kantite moun nan tout endistri yo nan Eta New York aktyèlman kap touche mwens pase \$15 pa èdtan anba:

- *Capital: 144,415*
- *Central NY: 98,689*
- *Finger Lakes: 166,398*
- *Hudson Valley: 281,104*
- *Long Island: 382,236*
- *Mohawk Valley: 54,757*
- *North Country: 43,423*
- *Southern Tier: 77,291*
- *Western NY: 187,187*
- *New York City: 927,400*
- ***Total: 2,362,900***

## Stimile Ekonomi New York

Ogmante salè minimòm nan mete plis lajan nan pòch fanmi kap travay yo, ba yo plis pouvwa dacha. Depatman Travay NYS pwojete ogmantasyon salè minimòm nan a \$15 pa èdtan vle di yon stimilasyon de plis pase \$15.7 milya pou ekonomi eta. Sa a ogmante nan depans konsomatè enpòtan pou kwasans ekonomik kontinyèl; espesyalman lè demann konsomatè a fèb se yon faktè kle pou kenbe nouvo anbochaj.

Opozan yo diskite ke ogmantasyon salè minimòm nan ap kondwi a pèt travay, men yon revizyon endepandan de 64 etid sou ogmantasyon salè minimòm te jwenn ke pa gen okenn efè negatif pèseptif sou travay, e okontrè, chèche yo te jwenn evidans ogmantasyon travay nan ogmante salè minimòm nan. Ekonomis yo nan Goldman Sachs te jwenn ke trèz eta– enkli New York – te ogmante salè minimòm yo nan 2014 te gen pousantaj travay pi elve pase mwayen nasyonal la.

Nou konnen sa se laverite dapre pwòp eksperyans nou: New York te ogmante salè minimòm li uit fwa apati 1991 jiska 2015, e sis nan fwa sa yo, travay te ogmante apre ogmantasyon sa. Lè salè minimòm ogmante, pwodiktivite gen tandans pou ogmante, e ogmantasyon retansyon travayè ekonomize travay yo rekritman ak depans fòmasyon.

## Pwoteje Kontribyab New York yo

Kèk opozan afime ke li ta pi bon pou ogmante kredi taks sou revni ganye nan NYS– yon kredi taks ranbousab pou fanmi ki gen revni fèb yo baze sou revni, laj ak gwosè fanmi an– olye de salè minimòm nan. Men sa yo se konplemantè olye ke strateji konpetisyon. San yon salè minimòm solid EITC a te kapab aji tankou yon ranplasman salè pèmèt sèten konpayi yo pou peye salè povrete, epi sibvansyone nivo peman fèb sa yo pa lòt travay ak kontribyab, nan yon gran pati fason ke sektè fast food la te sosyalize pati nan pewòl li lè li te fè anplwaye yo konte sou asistans piblik.

## Pèmèt travay yo planifye

Benefis ekonomik pou ogmante salè minimòm nan te depase depans yo. Men pou bay biznis yo opòtinite pou planifye, e nan fason pou w sansib nan kapasite relatif diferan ekonomi rejyonal pou absòbe chanjman an, pwopozisyon pwogresif pou ogmante salè minimòm nan Vil New York e pi gradyèlman nan rès eta, sou orè ki annaprè yo:

Vil New York		Nan tout Eta (ekskli NYC)	
Salè Minimòm	Dat Efektif	Salè Minimòm	Dat Efektif
\$12.00	12/31/2016	\$10.75	12/31/2016

\$13.50	12/31/2017	\$11.75	12/31/2017
\$15.00	12/31/2018	\$12.75	12/31/2018
		\$13.75	12/31/2019
		\$14.50	12/31/2020
		\$15.00	7/1/2021

### **Dirije pa Egzanp**

Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta New York tap dirije pa egzanp nan ogmante salè minimòm pou travayè yo nan eta a \$15 pa èdtan. Jiska jounen jodi a, okenn lòt eta poko adopte yon salè minimòm \$15 nan sektè piblik la. Apeprè 10,000 anplwaye nan Eta ap benefisye nan tout branch, e ogmantasyon an ap anplas pwogresivman sou mnem orè ki anwo a. Nan New York, vil Syracuse, Rochester ak Buffalo te anonse tou ogmantasyon nan salè minimòm pou anplwaye piblik yo.

Gouvènè Cuomo te ogmante avèk siksè salè minimòm pou travayè fast food ansanm avèk travayè poubwa yo, sa ki te antre anvigè nan dat 31 desanm 2015, e pou travayè nan tout lòt endistri yo nan 2013, sa ki te antre anvigè nan dat 31 desanm 2013.

### **Wap jwenn lis konplè tout Kanpis SUNY ki te afekte yo anba:**

- Albany
- Alfred State
- Binghamton
- Brockport
- Buffalo State
- Canton
- Cobleskill
- Cortland
- Delhi
- Downstate Medical Center
- Empire State
- ESF
- Farmingdale
- Fredonia
- Geneseo

- Maritime
- Morrisville
- New Paltz
- Old Westbury
- Oneonta
- Optometry
- Oswego
- Plattsburgh
- Potsdam
- Purchase
- Stony Brook
- SUNY Poly
- System Admin
- Inivèsite nan Buffalo
- Pwogram nan tout Inivèsite
- Upstate Medical University

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York| Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418